

MEMORANDÒM

A: Manb Komite Lekòl la

De: Doktè Brenda Cassellius, Sirentandan

DAT: 30 Jwen 2021

RE: Rekòmandasyon Konsènan Aplikasyon Renouvèlman Otonomi - Dudley Street Neighborhood Charter School

Lekòl endepandan Dudley Street Neighborhood (“DSNCS”), Horace Mann yon lekòl endepandan k ap desèvi klas k1-k2 e ki pozisyone nan 6 Shirley Street nan Roxbury, k ap chèche soumèt yon aplikasyon nan Depatman Edikasyon Elelemantè ak Segondè (DESE) pou renouvle otonomi l pou yon peryòd de senk (5) an aplis. DSNCS te resevwa premye otonomi li an 2012, e yo te renouvle li pou yon peryòd de senk-an an 2017. Si li apwouve, otonomi DSNCS pral renouvle pou yon peryòd soti 2022 rive 2027. Kontra DSNCS yo avèk BPE antanke yon òganizasyon jesyon edikasyon. Antanke yon òganizasyon k ap jere edikasyon, BPE siveye fonksyonman lekòl yo de jou-an-jou, poutan bòd lekòl la sipèvize estrateji jeneral, gid ak pwogrè nan objektif akademik yo.

Konfòmman a G.L. 71, § 89(dd), “ Bòd la pakab renouvle otonomi Horace Mann Charter school san vòt majorite komite lekòl la ak inite negosyasyon kolektif nan distri kote lekòl la sitye li a. . . .”

DESE baze desisyon li pou renouvle yon otonomi sou “ prezantasyon pwèb afimatif konsènan fidelite lekòl la nan sa ki gen pou wè ak otonomi l, ansanm avèk fason ke lekòl la swiv plan retansyon ak rekritman epi bay bonjan pratik an akò avèk M.G.L. c. 71, s. 89(dd); Siksè pwogram akademik lekòl la; ak vyabilite l antan ke òganizasyon. 603 CMR 1,11.

Konfòmman a G.L. 71, § 89(dd), “ Bòd la pakab renouvle otonomi Horace Mann Charter school san vòt majorite komite lekòl la ak inite negosyasyon kolektif nan distri kote lekòl la sitye li a. . . .”

Nou mete aplikasyon DSNCS ladan. Apre mwen fin egzamine aplikasyon DSNCS la, mwen rekòmande ke yo apwouve otonomi li ak renouvèlman aplikasyon nan DESE pou yon peryòd 2022-2027.



Rezime Done

Akoz pandemi COVID_19 la, rezilta sipèvizyon leta, ansanm avèk MCAS, pa disponib depi lane 2020. Nan dènye done sipèvizyon yo ki disponib depi 2019, DSNCS te nan 8èm pèsantil pou tout lekòl yo nan tout eta an jeneral, gen yon diminyasyon paske li te nan 9èm pèsantil la lane dènye. Si DSNCS te fè pati lekòl distri a (ki pa otonòm), yo t ap konsidere DSNCS kòm yon lekòl ki transfòmè. Lekòl la bay rezilta melanje pou diferan gwoup elèv. An 2017-2018, pèfòmans elèv Afriken-Ameriken nan DSNCS yo te nan 52èm pèsantil la pa rapò avèk pèfòmans menm gwoup elèv sa yo nan evalyasyon similè ke lekòl yo fè, e yo te jije ke yo reponn avèk krite objektif amelyorasyon ki sible yo (83% pwen). Gwoup lekòl latino yo te fè nòt nan 46èm pèsantil la epi te reponn avèk sib amelyorasyon yo tou (80% pwen). An 2018-2019, pèfòmans elèv Afriken-ameriken yo ogmante rive nan 57èm pèsantil la pa rapò avèk pèfòmans men gwoup sa a, men pèfòmans gwoup lekòl Latino yo te diminye tonbe nan 33èm pèsantil la.

An absans de rezilta responsablite leta ak MCAS, DSNCS bay enfòmasyon sou fòmasyon evalyasyon yo chwazi yo. Poutan an 2017-2018 ak 2018-2019 lekòl la te ale odela de objektif li nan bay 75% elèv nan klas dezyèm ane rive nan senkyèm ane (K2-5) fè yon ane ap fè pwogrè nan evalyasyon STEP/F&P nan pwogram aprantisaj la (76% ak 79%, youn apre lòt), an 2019-2020 sèlman 68% elèv ki te genyen done ki disponib te fè pwogrè nan referans lan. Lekòl la pa t rive atenn sib li nan rive bay 70% elèv nan klas dezyèm rive nan senkyèm ane (k2-5) te montre omwen ke yo metrize matematik a 70% nan evalyasyon ki te fèt nan ane 2017-2018, 2018-2019, oswa an 2019-2020, te gen sèlman 59% an (2017-2018), 54% an (2018-2019), e 63% an (2019-2020) elèv ki te atenn objektif sa a.

Apati de done sa yo, DSNCS ta dwe kontinye devlope mwayen pou amelyore rezilta ke elèv yo bay epi elimine okazyon pou gen twou vid ak twou vid ki genyen nan rezilta yo.

DSNCS fè pwogrè tou. DSNCS beze nivo sispansyon li nan lekòl la ak andeyò lekòl la anpil. Nivo sispansyon andeyò lekòl la te a 4.7% an 2016 e tonbe a 1.8% an 2019, anba yon nivo mwayèn de 1.9%. Nivo sispansyon andedan lekòl la te a 5.4% an 2016 e tonbe a 4.4% an 2017 e 0.7% an 2019, anba yon nivo mwayèn de 3.0%.

Pou fini, modèl ansèyman akademik DSNCS se yon pwen fò pou li, kote rezidan Boston Teacher Residency ak manb Dudley Promise Corps travay dirèkteman avèk elèv yo pandan ke y ap prepare pou karyè pwofesyonèl yo kòm pwofesè. Pandan dezyèm peryòd otonomi li an, DSNCS te sèvi kòm sit Ansèyman Akademik pou preparasyon 40 nouvo pwofesè BPS. Pami pwochen pwofesè ki te prepare nan lekòl la, tout sof youn ki pa t kontinye anseye nan BPS nan pwochen ane a. DSNCS ta dwe kontinye agrandi pwogram sa a ki fè siksè.



Dapre analiz ki fèt anlè a, Mwen bay apwobasyon pou renouvèlman otonomi DSNCS pou yon peryòd soti 2022 rive 2027.

Direktè egzekitif BPE a Jesse Solomon, Direktè DSNCS la Elijah Heckstall, ak prezidan bòd la Hakim Harris ap disponib pou reponn kesyon konsènan aplikasyon an.

